



Pou Piblikasyon Imedya: 1/14/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

Gouvènè Cuomo ap fè amatè motonèj andeyò-eta sonje wikenn gratis motonèj la ap rive

Obligasyon Enskripsyon Eta New York ak frè yo anile pandan Wikenn Konje Martin Luther King, Jr. pou anrejistre treno ak asire andeyò-Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia ap fè motonejis antouzyas andeyò-eta yo sonje ke wikenn Martin Luther King, Jr. ap yon wikenn motonèj gratis nan Eta New York. Apati 16 pou rive 18 janvyè, obligasyon anrejistreman eta, enkli frè DMV, ap anile pou motojenis ki anrejsire ak asire komsadwa andeyò eta.

“Apati panorama mayifik pou rive a santye enteresan ak forè espektakilè, New York se kay pou bote natirèl san parèy,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Endistri touris New York se yon motè ekonomik pou eta— kondwi kwasans ak kreyasyon travay—e nou angaje pou nou wè l reyisi. Avèk plis pase 10,500 kilomèt santye motonèj panoramik, mwen ankouraje vizitè yo pou yo vini nan upstate wikenn sa epi tcheke tout sa New York gen pou ofri.”

Apa de tan limite pou aktivite sa pou motojenis yo andeyò eta, chak treno dwe gen yon anrejistreman valab New York. DMV pèmèt motojenis yo renouvle anrejistreman yo dirèkteman grasa sitwèb DMV oswa pa lapos. Anplis, motojenis yo andeyò eta yo ki te deja anrejistre motonèj nan eta lakay yo ka ranpli enskripsyon orijinal yo sou entènèt. Ane pase, DMV te trete preske 25,000 anrejistreman motonèj chak ane sou entènèt atravè [sitwèb li](#).

“Nou vle fè l osi fasil ke posib pou motonèj antouzyas yo vini epi eksplore santye New York yo,” **Komisyone Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan te deklare.** “Ofri anrejistreman motonèj sou entènèt se jis yon lòt fason nap fè l pi konvenyan pou kliyan yo fè biznis avèk DMV.”

“Efò Gouvènè Cuomo ap ede plis ak plis antouzyas rekreyasyon anplennè dekouvri tout sa Eta New York gen pou ofri pandan tout ane,” **Komisyone Biwo Park, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Rose Harvey te deklare.** “Wikenn motonèj gratis sa se yon fason kreyatif pou pwomote New York kòm yon destinasyon enteresan ivè pou vizitè andeyò eta yo.”

Nenpòt moun kap opere yon motonèj nan New York dwe anrejistre treno a epi jwenn yon otokolan validasyon. Apre yo fin ranpli anrejistremman yo sou entènèt, kourè yo ka enprime yon sètifika tanporè ki valab pou 15 jou. DMV jenere yon anrejistremman pèmanan epi voye pa lapos bay benefisyè a avèk otokolan validasyon yo. Pa gen frè adisyonèl pou sètifika tanporè a. Renouvèlman anrejistremman ka fèt tou nan yon biwo DMV.

Motonejis yo dwe pote anrejistremman yo ansanm avèk dokiman prèv asirans sou yo pandan toutan pandan motonèj la e yo dwe bay dokiman sou demann lapolis. Kourè yo dwe bay tou prèv dokiman asirans sou demann nenpòt moun ki blese oswa ki andire domaj pwopriyete nan kad operasyon yon motonèj. Nenpòt moun ki gen yon sètifika sekirite motonèj dwe gen sètifika sou yo lè yap motoneje an toutan.

Yon anrejistremman motonèj Eta New York koute \$45 si yon kliyan se yon manm klib Asosyasyon ki afilye a Motonèj Eta New York oswa \$100 pou moun ki pa manm. Patisipan yo dwe gen nimewo kupon yo disponib pou fè tranzaksyon an avèk rabè NYSSA. Tout men \$10 chak anrejistremman ale jwenn Fon Snowmobile Trail Development and Maintenance, sa ki sipòte 10,500 kilomèt santye piblik motonèj nan Eta New York, pwogram edikasyon sekirite motonèj, ak lwa sou motonèj Eta New York ak aplikasyon.

Eta New York egzije pou kourè ki gen mwens pase 18-ane pou pran yon Kou Sekirite Motonèj Eta New York apwouve epi jwenn yon sètifika sekirite lè yap kouri sou tè piblik. Kou a bay motojenis yo enstriksyon sou kijan pou asire sekirite kourè yo ansanm avèk itilizatè lòt santye yo. Kourè yo ka kalifye tou pou ekonomi sou asirans treno paske yo gen yon Sètifika Sekirite Motonèj. Wap jwenn yon lis kou sekirite Park Eta New York, sa ki ajou sou chak jou pandan sezon motonèj la, [la](#).

Pou anrejistre yon motonèj, klike [la](#). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite rekreyasyon nan santye motonèj yo nan Eta New York, klike [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418